

Kesyon yo Poze Souvan

Kiyès pou mwen kontakte si mwen pa genyen asirans sante?

Si ou se yon rezidan Massachusetts, ou ka anmezi jwenn asirans sante oswa èd pou w peye bòdwo swen sante atravè yon pwogram leta tankou [MassHealth](#), the [Health Connector](#), oswa [Health Safety Net](#). Chak pwogram genyen règ ak limit revni ki diferan. Ou kapab kontakte ekip Asistans Finansyè nou an tou nan 617-665-1000. Si ou pa yon rezidan Massachusetts, ou kapab kontakte ekip Sèvis Kliyantèl nou an nan 617-665-3200 pou w konnen opsyon ki disponib pou ou yo.

Èske gen swen gratis disponib si mwen pa ka jwenn asirans?

Wi, swen gratis ap disponib si ou ranpli yon seri egzijans leta. Nou redui opsyon swen disponib yo tou epi ekip Asistans Finansyè nou an ap kapab asiste nan aplikasyon pou yon Difikilte Medikal pou ede peye sèvis yo.

Kijan mwen kapab mande yon estimasyon pri pou sèvis nan CHA?

Pasyan yo kapab mande yon estimasyon pri lè yo kontakte ekip Sèvis Kliyantèl nou an nan 617-665-3200. Ou kapab mande yon estimasyon atravè Mychart tou. Yon fwa ou soumèt demann lan, ekip nou an ap reponn avèk yon estimasyon nan 48 èdtan.

Mwen genyen yon gwo franchiz. E si mwen pa ka peye tout bòdwo mwen an?

Wi, Si ou gen bòdwo medikal paske ou pa genyen asirans, oswa paske asirans sante w la pa t kouvri swen ou, ou ka kalifye pou yon rediksyon. Si bòdwo ou yo pa pou kopeman, koasirans oswa franchiz epi w ap peye oswa pran yon plan peman nan de (2) premye mwa premye bòdwo w la, n ap ofri ou yon rediksyon 25% sou bòdwo medikal ou yo.

Èske mwen ka pran yon plan peman pou balans mwen rete pou m peye a?

Si bòdwo ou yo se pou kopeman, koasirans oswa franchiz, CHA ofri opsyon plan peman san enterè pou ede ou peye balans ou gradyèlman. Tanpri, kontakte ekip Sèvis Kliyantèl nou an nan 617-665-3200, oswa ou kapab enskri nan yon plan peman atravè MyChart.

Èske yo rapòte dét mwen yo bay biwo kredi yo?

Non, Cambridge Health Alliance pa rapòte balans ou genyen pou w peye bay okenn biwo kredi. Pandan lopital la ka gen kontra avèk ajans kolèk fon deyò, ajans kolèk fon an fonksyone tankou yon ekstansyon CHA epi p ap poze okenn aksyon estrawòdinè kont pasyan nou yo, tankou rapòte balans yo genyen pou yo peye yo bay biwo kredi, aksyon legal, sezi salè oswa plase yon lyen sou pwopriyete yon pasyan.